

# Gal

Gal se yon enfestasyon ti akaryen ki refijye yo anba po a. Gal ka pwopaje nan fè bagay ak lòt kontak po-a-po. Li kapab pwopaje tou nan kontak ak rad, sèvyèt ak dra yon moun ki gen gal. Imen yo pa nan risk pou yo trape akaryen gal ki soti nan yon bèt oswa vis vèsa.

## Sentòm yo

- Gwo demanjezon, anjeneral alantou pli po yo (tankou ponyèt yo, bra yo, koud yo, jenou yo, jenital yo, ant dwèt yo, alantou senti a, ant de bò dèyè yo oswa anba bra yo)
  - Anjeneral demanjezon an pi mal lannwit.
- Plak wouj, ti bouton, boul, gratèl, anpoul, ak liy kout, fonse atravè po a



# Gal



## Prevansyon

Pou diminye chans pou ou enfeste ak gal:

- Evite kontak fizik avèk yon moun ki te resaman dyagnostike ak gal.
- Mete rad pwòp epi pa pataje rad oswa sèvyèt ak lòt moun.
- Lave dra ak sèvyèt yo souvan.
- Vakyòm tout kapèt ak mèb ki boure yo.

## Tès

Pwofesyonèl swen sante ou pral aplike lwil mineral sou po ou, grate po a epi egzamine echantyon an anba yon mikwoskòp pou teste pou gal.

## Tretman

Pwofesyonèl swen sante ou pral preskri losyon ki gen medikaman ki ka geri gal. Yo tipikman kite losyon an sou kò a pou uit (8) a 14 èdtan aprè sa a yo lave l.

Rad, dra ak sèvyèt yo ta dwe lave nan machin ak seche sou yon sik cho. Nenpòt lòt atik ki pa kapab lave ta dwe sele nan yon sache plastik pou 72 èdtan.

## Poukisa Pou w Jwenn Tretman

Si li pa trete, zòn lan ap kontinye grate. Kontinye grate zòn ki enfeste a ka lakòz lòt enfeksyon po grav.

## Patnè Seksyèl yo ak Manm Fanmi ou yo

Patnè seksyèl ak entim ou te genyen pandan sis (6) dènye semèn yo dwe egzamine tou epi trete pou yo pa re-enfeste w oswa pase enfestasyon an bay lòt moun. Manm fanmi ou yo (ki gen ladan timoun) ta dwe trete tou, menm si yo pa gen sentòm.

## Gal ak Gwosè

Nou pa konnen okenn efè grav gen gal koze pandan gwosè la. Gen kèk losyon ki gen medikaman ke yo itilize pou trete gal ki ta ka danjere pou fetis la, kidonk ou ta dwe di doktè ou si ou ansent oswa ap bay tete lè ou chèche tretman pou gal.

Klinik Sante Seksyèl Vil New York yo bay sèvis konfidansyèl, ki pa koute chè oswa gratis ki gen ladan tès STI ak VIH.

Pou jwenn yon klinik, vizite [nyc.gov/health/clinics](http://nyc.gov/health/clinics).